



# Enstalé Panno Sou Fénèt <sup>1</sup>

Hal S. Knowles, III, Kathleen C. Ruppert, Karla A. Lenfesty, ak Barbara Haldeman<sup>2</sup>

Zòn ki plis fasil pou resevwa damaj nan siklòn sé Fénèt ki pa pwotéjé. Jan nou te diskité nan dokiman nou-an, *Èske Kay nou Paré?*, fénèt ki krazégen dwa kite van-an ak lapli rantré nan kay-la é petèt rache do-kay-la.

## Ki Sa Ki Bay Fenèt Sékirite?

Genyen moun ki kole mòso adezif sou vit fenèt pou pwoteje yo. Kole adezif sou fenèt **PA** fè vit-la pi solid é li **PA** kapab pwotéjé kay-la si youn bagay frappe-li.

Menm vit ki fèt pou rezisté gwo van gen dwa krazé lè presyon van-an ap pousé sou tout enkadreman fenèt-la. Menm jan-an, papyé plastik éspesyal ke moun mete sou vit-yo pa kapab pwotéjé kay-la tou kont-li. Sèl jan pou pwotéjé fenèt sé enstalé panno.

## Kouman Pou Mwen Chyazi Panno Ki Bon Pou Mwen?

Chak mèt kay fèt pou chwazi panno ki meyè pou li. Bagay pou nou konsidéré sé: Konbyen lajan ke ou genyen, pouki sa ou bezwen-li, konbyen pwoteksyon ou bezwen.

Panno kapab pwotéjé kont bagay kap volé nan lari-a ouswa kont presyon van ap mete sou fénèt, gwo pòt ki genyen vit, pòt a vit ki sou koulis, ak tout lòt ouvèti. Kelke swa ki kalité panno ou chwazi, se jan ou enstalé panno-yo ki pi enpòtan nan zafè pèfòmans.

## Lòt Bagay Pou Nou Konsidéré

Si tout fwa pi gwo pwoteksyon se sa ke ou vlé, fè posib ou pou chwazi pwodwi, fòk ou acheté pwodwi ké Konté Miami-Dade di ke ou kapab itilizé (Gadé nan adrès pwodwi ke nou bay anba-la). Men enstalé panno sèlman pa asé. Li trè enpòtan pou nou itilizé bon jan teknik konstriksyon pou panno-yo kenbé fòs-yo é redwi chans pou bagay pa vole vini frappe nou. Bagay pou nou gadé:

- Retiré tout bagay ki deyo nan lakou kankou chèt, tab, bwèt fatra/bwèt resiklaj, plant, etc.
- Mete panno pou pwoteje stikty ankadreman kay-la, **PA** fenèt ak enkadreman pòt.
- Itilizé matryel ak panno-yo ki pa pe rouyé, kankou panno pou siklòn, vice boulon, etc.

## Lòt Resous

Konté Miami-Dade | Obeyisans Règ Bilding Pou Chèché Pwodwi

[http://www.miamidade.gov/buildingcode/online\\_product\\_search.asp](http://www.miamidade.gov/buildingcode/online_product_search.asp)

NOAA & AOML | Panno Plywood pou Siklòn







<http://www.aoml.noaa.gov/hrd/shutters/index2.html>

1. Dokiman sa-a se pati 2 dé 5 nan Edikasyon + Aksyon = Coleksyon Kontwol Dega Van. Dat publikasyon: Novanm 2005.

2. Hal S. Knowles, III, Kòdinatè, Pwogram pou Resous Bon Jan Kominoté; Kathleen C. Ruppert, Syantis Estansyon Asosyé, Sévis Estansyon Enèji Laflorid; Karla A. Lenfesty, Espesyalis Kontwol Dega Van Siklòn, Estansyon Kopératif pou Konté St Lucie, Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl, Inivèsité Laflorid; Barbara Haldeman, Asistan Editè, Sévis Estansyon Enèji Laflorid.

Enstiti pou manje ak Syans Agrikiltirèl (IMSA) se yon Opòtinité pou Anplwa Egal – Anplwayè Aksyon Afimatif gen dwa pou founi rechèch, enfòmasyon edikasyonèl ak lòt sèvis sèlman bay endividyèl ak enstitisyon kap fonksyoné san fè atansyon a ras, kwayans, koulè, relijyon, laj, enfimite, sex, oryantasyon seksyèl, stati marital, orijin nasyonal, opinyon ou afilyasyon politik. Pou enfòmasyon sou kouman pou jwenn lòt publikasyon estansyon, pran kontak ak Biro Sévis Estansyon Koperatif ki bò Konté pa-ou. Sévis Estansyon Koperatif Laflorid / Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl / Inivèsité Laflorid / Larry R. Arrington, Dirèktè..

## Ki Opsyon Panno Ke Nou Genyen?

Foto Panno	Kalite Panno Ak Detay	Pri
 <p>Sous: Estansyon Konté St Lucie</p>	<p><b><i>Woldon Otomatik</i></b></p> <p>Panno sa-yo vini dan youn woulo ki kenbé andedan youn bwèt ki anlè ouvèti ke li sipoze pwotéje-a. Yo fèt jeneralman ak bon jan metal ak kadna anba.</p> <p><u>Pou:</u> vini tou enstalé, fasil pou itilisé, vini ak mote tou.</p> <p><u>Kont:</u> trè chè.</p>	<p>\$\$\$\$\$</p>
 <p>Sous: www.hurricanesuttercompany.com</p>	<p><b><i>Akòdeyon</i></b></p> <p>Yo ralé panno sa-yo sou koté de bò ouvèti ki ap pwotéje. Yo fèt jeneralman ak bon jan metal ak youn kadna ki kenbé yo ensenm lanmitan ouswa sou youn lòt pyès ki divizé-yo.</p> <p><u>Pou:</u> vini tou enstalé, fasil pou itilisé.</p> <p><u>Kont:</u> youn ti jan chè, pa twò bel sou yon plan achitèkti.</p>	<p>\$\$\$</p>
 <p>Sous: Pwogram Ki Monitè Kòt Laflorid</p>	<p><b><i>Ònenn</i></b></p> <p>Panno sa-yo desann tou dwèt sou miray-la é yo fèmen yo ak kadna sou miray-la. Yo fè yo ak metal ouswa fabèglas é yo bay bon jan lonbraj lè yo pap itilisé-yo.</p> <p><u>Pou:</u> vini tou enstalé, fasil pou itilisé.</p> <p><u>Kont:</u> youn ti jan chè, pa twò bel sou yon plan achitèkti.</p>	<p>\$\$\$</p>
 <p>Sous: www.stormshutters.com</p>	<p><b><i>Ònenn Bahama ak Panno Kolonyal</i></b></p> <p>Ou gen dwa itilisé panno sa-yo kankou Onenn (Ki bay lonbraj lè ou pap itilisé-li) ouswa stil Kolonyal.</p> <p><u>Pou:</u> vini tou enstalé, fasil pou itilisé, bel sou yon plan achitèkti.</p> <p><u>Kont:</u> youn ti jan chè, Fòs-yo depann de fòm-yo.</p>	<p>\$\$\$</p>
 <p>Sous: www.stormshutters.com</p>	<p><b><i>Kadran pou Siklòn</i></b></p> <p>Panno sa-yo fèt ak youn twèl sire ki trè solid ki redwi domaj van-an ak fòs enpak debri.</p> <p><u>Pou:</u> pa trò chè, kite limyè pasé, fasil pou plyé séré.</p> <p><u>Kont:</u> youn ti jan modèn, enpak debri gen dwa krazé vit fenèt ki gen kontak ak kadran-an. Meyè pou ouvèti ki pa genyen vit.</p>	<p>\$\$ - \$\$\$</p>
 <p>Sous: Pwogram ki Monitè Kòt Laflorid</p>	<p><b><i>Panno pou Siklòn</i></b></p> <p>Panno sa-yo fèt pou retire ak enstalé sèlman lè gen siklòn.. Yo fèt en fè, aliminyòm é yo rentré andedan yon trak an metal ki déja enstalé sou miray-la, anba ak anwo ouvèti ke li sipozé pwotéje-a, ouswa ou kapab monté yo direktteman sou miray-la ak vis.</p> <p><u>Pou:</u> bon maché, solid.</p> <p><u>Kont:</u> souvan yo lou, difisil pou enstalé é sere.</p>	<p>\$\$</p>
<p>N/A</p>	<p><b><i>Plywood</i></b></p> <p>Gadé dan dokiman-nou-an “Pwotéje ak Plywood” pou plis Enfòmasyon.</p>	<p>\$</p>